Drenaj ak Byofim: Kachèt pou Jèm


Jèm nan egou, sa ki genyen ladann jèm ki rezistan ak medikaman, kapab twouve yo nan sistèm plonbri a rive jis nan drenaj la

PROJECT FIRSTLINE

Byofim drenaj yo se kouch jèm ki glise ki gendwa vole soti nan yon lavabo.

Pa bay byofim nan manje! Pa janm jete dechè likid (egz., bwason, likid sewòm) nan yon lavabo yo lave men.

Diminye pwopagasyon jèm. Pou sa kenbe materyèl yo lwen lavabo, evite pou dlo ki soti sou sifas la pa vole sou lòt bagay, epi netwaye ak dezenfekte lavabo ak kontwa yo regilyèman.



Aprann Plis

Dlo ak sifas mouye: https://bit.ly/3MPGoAk

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

Mikwo-Aprantisaj EVS: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon

PROJECT FIRSTLINE

Gid Itilizatè a



Konsènan Mikwo-Aprantisaj EVS

Travayè sèvis anviwònman (EVS) se manm enpòtan nan ekip sante a epi yo jwe yon gwo wòl nan kanpe pwopagasyon jèm nan sante Pwojè Mikwo-Aprantisaj Firstline: Esansyèl pou Kontwòl Enfeksyon se yon seri diskisyon gide k ap ofri opòtinite edikasyon tou kout nan travay la sou sijè enpòtan konsènan enfeksyon nan travay EVS.

Itilizasyon Mikwo-Aprantisaj EVS

Mikwo-aprantisaj la gendwa enkòpore nan opòtinite kote travayè EVS yo reyini, tankou "rasanbleman" oswa reyinyon ekip anvan peryòd travay. Se yon manm ekip ki genyen eksperyans nan ekspètiz espesifik kontwòl enfeksyon EVS ki dwe dirije oswa fasilite reyinyon an.

Chak pake mikwo-aprantisaj EVS genyen ladann yon gid diskisyon ki kapab adapte pou fasilitatè ak yon èd travay. N ap ankouraje fasilitatè yo pou revize avan yo prezante.

Gid Diskisyon. Gid diskisyon an pa yon eskrip. N ap ankouraje fasilitatè yo pou adapte gid la pou piblik yo, pou sa y ap enkòpore kesyon ak lide enpòtan ak pratik ladann. Pa egzanp, fasilitatè yo kapab konekte kontni a ak responsablite travay piblik la, ka oswa pwoblèm ki konsène etablisman an, resous ak pwen kontak, ak lòt enfòmasyon.

Èd Travay. Dokiman yon paj, èd travay vizyèl pou ede ranfòse mesaj kle mikwo-aprantisaj la. N ap ankouraje fasilitatè yo pou rann èd travay la disponib apre sesyon mikwo-aprantisaj la sou fòm dijital oswa kopi di.

Sèvi ak kòd QR la pou bay fidbak sou fòmasyon sa a.

www.cdc.gov/ProjectFirstline

CDC U.S. CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION

Gid Diskisyon Mikwo-Aprantisaj: Drenaj Lavabo: Sèvis Anviwònmantal (EVS)

PROJECT FIRSTLINE

Prepare:

Travayè sèvis anviwònmantal yo (EVS) se premye liy defans nan kanpe move jèm pou yo pa pwopaje nan anviwònman swen sante a. Netwayaj ak dezenfeksyon lavabo ak drenaj ede kanpe pwopagasyon jèm bay pasyan ak ekipman. Ofiramezi w ap prezante enfòmasyon annapre a, ofri egzanp enpòtan bay ekip ou a ak nenpòt direktiv espesifik ak etablisman w lan ki genyen rapò ak sijè sa a.

Pataje enfòmasyon kle:

- Lavabo ak drenaj se yon anviwònman ideyal pou jèm viv epi grandi.
- Drenaj konekte ak egou. Sa vle di jèm ki nan egou yo kapab twouve yo nan sistèm plonbri a rive jis nan drenaj la.
- Jèm sa yo kapab akimile nan sistèm plonbri a pou fòme yon kouch glise ke yo rele byofim.
- Lè dlo soti nan yon drenaj ki sal, li kapab pwopaje jèm ki soti nan byofim nan pou ale sou po w ak sifas epi ekipman ki tou pre yo.
- Asire w materyèl ak atik pasyan yo estoke nan yon kote ki lwen lavabo ak drenaj yo yon fason pou yo pa kontamine.
- Pa lage likid tankou ji oswa likid sewòm nan drenaj yon lavabo pou lave men paske sa kapab nouri byofim nan epi ede li grandi.
    - **Nòt Fasilitatè a:** *Diskite sou kòman ak ki kote pou jete san danje likid yo pandan netwayaj.*
- Netwayaj ak dezenfeksyon regilye lavabo, drenaj, ak kontwa kapab ede kanpe pwopagasyon jèm danjere.
    - Lè w ap netwaye, li enpòtan pou kenbe nan lespri w ke w pa ta dwe janm lage solisyon tankou klowòks nan drenaj paske gwo kantite pwodui chimik sa yo kapab andomaje tiyo yo.

Ranfòse pwen kle yo:

- Jèm yo kapab viv ak grandi nan byofim drenaj yo epi yo kapab pwopaje bay pasyan epi lakoz enfeksyon.
- Lè ou netwaye ak dezenfekte lavabo, drenaj, ak sifas lavabo yo pandan netwayaj ou fè chak jou nan chanm nan, w ap ede kanpe pwopagasyon jèm danjere epi sove lavi.